

Kategori : **ELÈV**

Pibliye : 26 Mas 2012

Nimewo : **A-860**

Sijè:

BAY NON AK CHANJE NON YON LEKOL LETA VIL NOUYOK OSWA YON  
KOTE PATIKILYE NAN YON LEKOL LETA VIL NOUYOK

Paj :

1 nan 1

## **REZIME CHANJMAN YO**

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye A-860 ki gen dat 20 janvyè 2011.

Chanjman :

- Yo chanje non biwo pou kontak pou regleman an ki te *Office of Family Information and Action* ("OFIA") pou rele l *Division of Family and Community Engagement* ("FACE").

**REZIME**

Règleman sa a bay règ ak pwosedi yo dwe suiv pou bay lekòl leta non oswa pou chanje non yo. Li espesifye tou règ ak pwosedi pou bay espas patikilye nan yon lekòl leta non pou onore yon donatè oswa pou onore yon moun ki mouri ki te espesyal pou kominote lekòl zòn lan. Yo pa ka bay yon espas lekòl non dapre okenn lòt pwosesi ki pa mache avèk règleman sa a ni ann antye ni an pati. Yo pa ka bay yon lekòl non ni bay yon lekòl yon lòt non moun ki vivan. Yo pa bay yon espas patikilye nan lekòl pote non moun ki vivan si se pa pou yo onore yon sibvansyon oswa yon don.

**I. REG AK PWOSEDI POU BAY YON LEKOL LETA VIL NOUYOK NON OSWA POU CHANJE NON L**

- A. Chanselye a ap gen dènye mo nan bay lekòl leta non oswa nan chanje non lekòl leta.
- B. Lekòl la ap responsab tout depans ki gen pou wè avèk chanjman non yon lekòl, tankou afich ak lòt ankò.
- C. Lekòl yo ap suiv pwosedi ki nan règleman sa a epi y ap soumèt yon non pou reprezantan Chanselye a apwouve, jan yo di l pi ba a, nan dat 1ye mas ane a avan chanjman non an antre anviè.
- D. Yo pa ka bay lekòl pote non moun ki vivan.

Lè sa posib, yo sipoze pale avèk paran ki pi pwòch moun ki mouri a osijè non yo pwopoze pou yo bay lekòl la pote a.

- E. Bay yon lekòl non pou premye fwa

Se ekip k ap planifye nouvo lekòl la k ap pwopoze premye non pou yon nouvo lekòl, nan chita pale avèk Divizyon Pòtfolyo ak Planifikasyon.<sup>1</sup> Pou lekòl ki nan jiridiksyon yon distri lekòl kominotè, y ap voye pwopozisyon an ba FACE pou revize l ak apwouve l nan non Chanselye a. Pou lekòl segondè, y ap voye pwopozisyon an ba Biwo enskripsyon elèv *Office of Student Enrollment* ("OSE") pou revize l ak apwouve l nan non Chanselye a.

- f. Premye non pou yon lekòl ki egziste deja epi ki te gen yon nimewo kòm non ak chanjman non yon lekòl ki te egziste deja
  - 1. Y ap soumèt tout pwopozisyon pou bay yon lekòl ki te egziste deja non ba direktè lekòl y ap bay non an oswa ba direktè lekòl y ap chanje non an.
  - 2. Lè yon lekòl ki egziste deja pote non yon moun ki mouri, y ap fè tout efò ki posib pou enfòmè fanmi l osijè chanjman yo pwopoze a. Y ap ofri fanmi opòtinite pou bay opinyon yo, si yo genyen, sou chanjman non lekòl la.
  - 3. Direktè lekòl la ap asire yo prezante chanjman non yo pwopoze a nan yon reyinyon Asosyasyon paran *Parent Association*(PA) oswa nan yon reyinyon Asosyasyon pwofesè-paran parent-teacher association ("PTA") pou diskite ak vote pou konnen si yo sipòte pwopozisyon an. Y ap mete rekòmmandasyon PA a kòm sadwa nan pwosè vèbal PA a.
  - 4. Ni PA a, ni direktè lekòl la dwe apwouve non yo pwopoze pou chanje a pou yo ka kontinye avèk pwosesis chanjman non an.
  - 5. Y ap pibliye non yo pwopoze pou yon lekòl leta yon fason apwopriye pou yo avize piblik la, nan sit wèb NYCDOE ak nan lòt fason lè yo itilize avi piblik ofisyèl ki gen tit "Avi piblik sou non yo pwopoze pou yon lekòl, pou chanje non yon lekòl ki deja egziste oswa pou bay non/chanje non yon kote patikilye nan yon lekòl"(gade dokiman siplemantè No. 3).

<sup>1</sup> Ekip planifikasyon nouvo lekòl la ap gen ladan pwofesè, paran, elèv, reprezantan entèmedyè (si gen sa), reprezantan afilye òganizasyon kominotè (si gen sa), ak reprezantan ekip lidèchip lekòl *School Liderchip Team*(SLT) la.

6. Si PA a ak direktè a apwouve l, direktè a ap voye non yo pwopoze a ba sipèentandan ki apwopriye a, pou l apwouve l epi l ap soumèt yon kopi pwosè-vèbal PA a ki montre konsantman l ak vòt li.
  7. Paragraf I.F.7, I.F.8 ak I.F.9 valab sèlman pou lekòl ki nan jiridiksyon yon distri lekòl kominotè. Pou tout lòt lekòl ale dirèkteman nan paragraf I.D.10 ki pi ba a. Pou lekòl ki anba otorite yon distri lekòl kominotè, sipèentandan kominotè a dwe fè yon rekòmandasyon sou non yo pwopoze pou chanje a.
  8. Sipèentandan kominotè a ap prezante non yo pwopoze pou chanje a, ansanm avèk rekòmandasyon li, nan yon reyinyon piblik Konsèy Edikasyon Kominotè *Community Education Council* ("CEC") apwopriye a fè. CEC a dwe aksepte opinyon piblik sou chanjman non yo pwopoze a epi vote pou konnen si y ap sipòte non yo pwopoze pou chanje a. Y ap mete vòt ak rekòmandasyon CEC a kòm sadwa nan pwosè vèbal reyinyon piblik CEC a.
  9. Sipèentandan apwopriye a ap soumèt non yo pwopoze pou chanje a ak rekòmandasyon CEC a ba FACE pou l revize l ak apwouve l nan non Chanselye a oswa reprezantan l. Sipèentandan an ap itilize fòm ki gen tit "Demann pou bay yon lekòl non oswa pou chanje non yon lekòl ki egziste deja" "*Request to Name a School or to Change the Name of an Existing School*" pou rezon sa a (gade dokiman siplemantè No. 1). Demann lan ap: a) gen konsantman direktè lekòl la; b) gen ladan yon kopi pwosè-vèbal ki gen konsantman ak vòt PA a; c) endike rekòmandasyon sipèentandan an; epi d) gen ladan yon kopi pwosè-vèbal reyinyon piblik CEC a ki gen rekòmandasyon l ak vòt li. **Sonje** : lekòl yo dwe suiv etap sa yo epi soumèt yon non yo pwopoze ba FACE pou Chanselye a apwouve nan dat 1ye mas ane a avan non yoi pwopoze a pou chanje a antre anvigè(paegzanp,yo dwe soumèt yon chanjman non pou septanm 2011 nan dat 1ye mas 2010 pou pi ta).
  10. Pou lekòl ki pa nan jiridiksyon yon distri lekòl kominotè, sipèentandan apwopriye a ap soumèt non yo pwopoze pou chanje a ba OSE pou revize l ak apwouve l nan non Chanselye a oswa reprezantan l. Sipèentandan an ap itilize fòm ki gen tit "Demann pou bay yon lekòl non oswa pou chanje non yon lekòl" "*Request to Name a School or to Change the Name of an Existing School*" pou sa (gade dokiman siplemantè No. 1). Demann lan ap: a) gen konsantman direktè lekòl la; b) gen ladan yon kopi pwosè-vèbal ki gen konsantman ak vòt PA a; c) endike rekòmandasyon sipèentandan an. **Sonje** : lekòl yo dwe suiv etap sa yo epi soumèt yon non yo pwopoze ba OSE pou Chanselye a apwouve nan dat 1ye mas ane a avan non yoi pwopoze a pou chanje a antre anvigè(paegzanp,yo dwe soumèt yon chanjman non pou septanm 2011 nan dat 1ye mas 2010 pou pi ta).
  11. Chanselye a oswa reprezantan li dwe bay konsantman final pou chanjman non an. Si yo apwouve non yo pwopoze a, reprezantan Chanselye a ap voye konsantman an ba direktè a. Lekòl la pa p kòmanse itilize nouvo non an nan okenn ka avan li resevwa yon avi sou konsantman.
- G. Depi yo fin chwazi non pou yon lekòl, yo p ap chanje l nan espas dis lane yo fin ba l non an. Si nouvo non yon lekòl gen ladan l non yon òganizasyon asosye epi afilyasyon an kraze avan dizan an ekspire, Chanselye a oswa reprezantan l ap chanje non lekòl la pou retire non asosye a.
- H. Yo pa kapab bay okenn lekòl primè, lekòl elemantè, lekòl presegondè, lekòl entèmedyè, menm non avèk okenn lòt lekòl ki nan menm borough a. Yo pa kapab bay okenn lekòl segondè menm non avèk okenn lòt lekòl segondè nan Distri Lekòl Vil Nouyòk la. Yo pa kapab bay okenn lekòl edikasyon espesyal menm non avèk okenn lòt lekòl edikasyon espesyal nan Distri Lekòl Vil Nouyòk la.

## II. BAY YON ESPAS PATIKILYE NAN YON LEKÒL LETA NON POU ONORE YON MOUN KI FÈ YON DON

- A. Chanselye a ap gen otorite sou non ak sou espas yo chwazi a nan lekòl leta, tankou, teren jwèt, teren espò, jimnazyòm, estad, pisin, bibliyotèk, kafeterya, salklas, laboratwa, ekstansyon oswa sikisal (domèn espesyal) ak lòt ankò pou onore moun ki bay yon don. Pou pwopozisyon pou bay yon lekòl ann antye non oswa pou chanje non l pou onore yon moun ki bay yon don, y ap aplike pwosedi ki nan Seksyon I yo.
- B. Yo ka bay Espas Espesyal yo pote non moun ki bay don yo sèlman pou onore yo. Non y ap bay la kapab non yon moun, yon afilyasyon, yon koperasyon oswa fondasyon donatè a.
- C. Pwosedi pou bay yon Espas Espesyalize non
1. Lè y ap bay yon espas espesyalize non dapre seksyon sa a, yo dwe konnen alavans y ap aksepte ak itilize kado yo oswa don yo ni non espas espesyalize a paske li apwopriye epi li nan bon enterè sistèm lekòl leta Vil Nouyòk la. Direktè chak lekòl ki konsène ap apwouve non yo pwopoze a, epi y ap asire yo prezante pwopozisyon an nan yon reyinyon PA lekòl la pou diskisyon ak vòt pou konnen si yo sipòte pwopozisyon an. Y ap mete konsantman ak vòt PA a kòm sadwa nan pwosè vèbal PA a.
  2. Lè direktè a fin aksepte, y ap pibliye non yo pwopoze pou yon espas espesyal nan nenpòt lekòl leta yon fason apwopriye pou yo avize piblik la, nan sit wèb NYCDOE ak nan lòt fason lè yo itilize avi piblik ofisyèl ki gen tit "Avi piblik sou non yo pwopoze pou yon lekòl, pou chanje non yon lekòl ki deja egziste oswa pou bay non/chanje non yon espas patikilye nan yon lekòl"(gade dokiman siplemanntè No. 3).
  3. Men kòman y ap konsidere tout Demann pou apwouve yon non pou yon espas espesyalize nan nenpòt lekòl leta pou onore moun ki bay don:

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk  
Office of Strategic Partnerships  
Attn: Naming Committee  
52 Chambers St. - Room 305  
New York, NY 10007

Office of Strategic Partnerships Naming Committee ("Naming Committee") kapab adopte règ ak pwosedi pou fonksyonman, lè sa nesesè. Yo dwe itilize fòm ki gen tit "*Request to Name a Designated Area of a School for a Donor or Grantor*" pou tout demann konsantman yo soumèt devan Komite pou bay non an (Al gade dokiman siplemanntè No. 2). Demann lan ap gen konsantman direktè a epi l ap gen ladan yon kopi pwosè vèbal PA a ki montre vòt ak konsantman PA a.

- D. Depatman an pa oblije kenbe yon non yo bay pou onore pou plis pase yon peryòd ki depase senk lane. Depatman an gen dwa pou chanje non yon espas yo te bay non pou onore yon donatè si donatè a vin fè nenpòt aktivite ilegal oswa imoral ki pa mache avèk liy Depatman an oswa ak non oswa repitasyon Vil la.

## III. BAY YON ESPAS PATIKILYE NAN YON LEKÒL LETA NON POU ONORE YON MOUN KI MOURI KI TE ESPESYAL POU YON LEKÒL ANPATIKILYE

- A. Bay yon salklas oswa yon biwo kèlkonk non

Direktè lekòl la ap gen otorite pou apwouve non pou salklas jeneral oswa yon biwo kèlkonk pou onore yon moun mouri ki te fè anpil bagay ekstraòdinè ki dire lontan sou pwen edikasyon oswa nan lòt nivo nan lekòl la. Yo pa ka bay yon salklas jeneral oswa biwo kèlkonk pote non moun ki vivan.

1. Yo dwe prezante yon demann pou bay non oswa pou chanje non yon salklas jeneral oswa yon biwo devan PA a pou diskisyon ak vòt.
  2. Ni direktè a, ni PA a ap pwouve non yo pwopoze a.
- B. Pou bay espas Espesyalize non
- Se sèl Chanselye a oswa reprezantan I ki kapab bay yon espas espesyalize non oswa chanje non espas espesyalize, lakou lekòl, teren, jimnazyòm, estad, pisin, kafeterya, laboratwa, agrandisman, sikisal oswa zòn piblik lekòl.
1. Direktè a apwouve yon demann pou bay non oswa pou chanje non yon espas espesyal epi yo dwe prezante I devan PA a pou diskite I ak vote I. Y ap mete konsantman ak vòt PA a kòm sadwa nan pwosè- vèbal PA a.
  2. Lè direktè a ak PA a fin apwouve I, y ap pibliye non yo pwopoze pou yon espas espesyal nan nenpòt lekòl leta yon fason apwopriye pou yo avize piblik la, nan sit wèb NYCDOE ak nan lòt fason lè yo itilize avi piblik ofisyèl ki gen tit "Avi piblik sou non yo pwopoze pou yon lekòl, pou chanje non yon lekòl ki deja egziste oswa pou bay non/chanje non yon espas patikilye nan yon lekòl"(gade dokiman siplemanntè No. 3).
  3. PA a ap soumèt non yo pwopoze a ba FACE pou I revize I ak apwouve I nan non Chanselye a. Demann lan ap gen konsantman direktè a epi I ap genyen yon kopi pwosèvèbal PA a ki montre vòt ak konsantman PA a.

#### IV. ANILASYON

Nan sikonstans eksepsyonèl ak nan pi bon enterè sistèm lekòl la, Chanselye a oswa reprezantan li kapab fè eksepsyon pou kèk pati nan règleman sa a.

#### V. KESYON

Si gen kesyon konsènan règleman sa a, ou dwe kontakte:

<b>Kesyon sou seksyon I, III ak IV:</b>		
<u>Telefòn:</u>	<i>Division of Family and Community Engagement</i>	<u>Fax:</u>
212-374-2323	N.Y.C. Department of Education 49 Chambers Street – Room 503 New York, NY 10007	212-374-0076
	<i>Office of Student Enrollment</i>	
212-374-5426	N.Y.C. Department of Education 52 Chambers Street – Room 415 New York, NY 10007	212-374-5568
	<b>Kesyon sou seksyon 2:</b>	
	<i>Office of Strategic Partnerships</i>	
212-374-2874	<i>Attn: Naming Committee</i> N.Y.C. Department of Education 52 Chambers Street – Room 305 New York, NY 10007	212-374-5571

**DEMANN POU BAY YON LEKÒL NON OSWA POU CHANJE NON YON LEKÒL KI DEJA EGZISTE**

**TANPRI TAPE OSWA EKRI NONW BYEN KLÈ**

**Non rejyon, distri oswa pwogram lan:** \_\_\_\_\_

**EKSPLIKASYON:** Pou lekòl ki nan jiridiksyon yon distri lekòl kominotè, tanpri ranpli fòm sa a epi voye l ba, *Division of Family and Community Engagement (FACE), NYC Department of Education, 49 Chambers Street, Room 503, New York, NY 10007 (fax 212-374-0076)*. Pou lekòl ki pa nan jiridiksyon yon distri lekòl kominotè, tanpri ranpli fòm sa a epi voye l ba, *Office of Student Enrollment (OSE), NYC Department of Education, 52 Chambers Street, Room 415, New York, NY 10007 (fax 212-374-5568)*.

Aprè nou fin kontakte Asosyasyon paran *Parent Association(PA)* oswa Asosyasyon pwofesè-paran *Parent-Teacher Association(PTA)*, nou soumèt yon demann

ke \_\_\_\_\_ ap rele ofisyèlman \_\_\_\_\_  
(Nimewo Lekòl la)

Demann sa a se pou **yonn** nan sa yo (tcheke kazyè ki apwopriye a):

Yon nouvo lekòl ki nan: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Yon lekòl ki egziste deja ki poko gen non.

Rès yon lekòl ki deja egziste. Tanpri ranpli bagay sa yo:

(a) Ki non ki te non ofisyèl la avan? \_\_\_\_\_

(b) Nan ki ane lekòl te gen non li te gen avan an? \_\_\_\_\_

Yon kote espesyalize nan yon lekòl tankou lakou a, teren yo, oswa jimnazyòm lan.

Idantifye kote a: \_\_\_\_\_

***Tanpri mete bagay sa yo:***

1. Si pou yo bay yon lekòl non yon moun ki mouri, mete pèmisyon alekri ki soti nan men paran ki pi pwòch la. Si demann pou chanje yon non enplike yon lekòl ki deja gen non yon moun ki mouri, mete kòmantè ki soti nan men paran ki pi pwòch la sou non y ap chanje a. Si yo pa resevwa okenn kòmantè, mete yon deklarasyon sou efò ki fèt pou kontakte paran ki pi pwòch la.
2. Yon deklarasyon kou ki dekri kòman yo idantifye non moun ki mouri yo soumèt la ak lekòl la oswa ak kote nan yo idantifye nan lekòl la.
3. Pou lekòl ki nan jiridiksyon distri lekòl kominote a, tanpri: a) mete yon kopi pwosè vèbal ki di PA te apwouve l ak vote;b) endike rekòmandasyon sipèentandan an; epi) mete yon kopi sètifye pwosè-vèbal konsèy edikasyon kominotè a ki montre gen yon vòt sou si pou yo sipòte non ki pwopoze a.
4. Pou lekòl ki pa nan jiridiksyon distri lekòl kominote a, tanpri: a) gen konsantman direktè lekòl la; b) gen ladan yon kopi pwosèvèbal ki gen konsantman ak vòt PA a; c) endike rekòmandasyon sipèentandan an.

**Se ki soumèt li :**

\_\_\_\_\_  
Siyati Direktè lekòl la

\_\_\_\_\_  
Dat

\_\_\_\_\_

Siyati Sipèentandan an

\_\_\_\_\_

Dat

-----

**APWOUVE:** \_\_\_\_\_

Direktè, OSE oswa FACE

\_\_\_\_\_

Dat

**APWOUVE:** \_\_\_\_\_

(pou) Chanselye a

\_\_\_\_\_

Dat

**AVI PIBLIK SOU NON YO PWOPAZE POU YON LEKÒL, POU CHANJE NON YON LEKÒL KI DEJA  
EGZISTE OSWA POU BAY/CHANJE NON YON KOTE NAN LEKÒL LA**

**TANPRI TAPE OSWA EKRI NONW BYEN KLÈ**

**Non rejon, distri oswa pwogram lan:** \_\_\_\_\_

**EKSPLIKASYON:** Pou lekòl ki nan jiridiksyon yon distri lekòl kominotè, tanpri ranpli fòm sa a epi voye l nan *Division of Family and Community Engagement (FACE)*, NYC Department of Education, 49 Chambers Street, Room 503, New York, NY 10007 (fax 212-374-0076). Pou lekòl ki pa nan jiridiksyon yon distri lekòl kominotè, tanpri ranpli fòm sa a epi voye l ba, Office of Student Enrollment (OSE), NYC Department of Education, 52 Chambers Street, Room 415, New York, NY 10007 (fax 212-374-5568).

**TANPRI SONJE** ke apre yo fin kontakte PA oswa PTA a, men sa yo pwopaze (make kazye ki apwopriye a epi mete enfòmasyon an nan kazye sa a **sèlman**):

Yon nouvo lekòl oswa  yon lekòl ki egziste deja ki gen yon nimewo men ki potko gen yon non.

Chanje non yon lekòl. Tanpri ranpli bagay sa yo:

(a) Ki non ki te non ofisyèl la avan? \_\_\_\_\_

(b) Nan ki ane lekòl te gen non li te gen avan an? \_\_\_\_\_

(c) Adrès lekòl yo: \_\_\_\_\_

(d) Tip lekòl la: \_\_\_\_\_  
(primè, presegondè, entèmedyè, segondè, edikasyon espesyal, elatriye.)

Bay non oswa chanje non yon kote patikilye nan yon lekòl. Tanpri ranpli bagay sa yo:

(a) Èske bay non/chanje non kote patikilye a se pou yon donatè ?

(b) Èske bay non/chanje non an se pou yon  moun ki mouri yo panse ki te bay lekòl kontribisyon ekstrawòdinè, ki dire anpil tan?

(c) Ki non ki te non ofisyèl la avan? (PA GENYEN ) \_\_\_\_\_

(d) Nan ki ane kote a te gen non li te gen avan an? (PA GENYEN ) \_\_\_\_\_

**Tanpri mete bagay sa yo:**

- Non yo bay pou moun ki mouri:** (a) otorizasyon alekri nan men paran pwòch la. Si demann pou chanje yon non enplike yon lekòl ki deja gen non yon moun ki mouri, mete kòmantè ki soti nan men paran ki pi pwòch la. Si pa gen kòmantè, mete deklarasyon sou efò ki te fèt pou kontakte paran pwòch la; (b) deklarasyonkout ki dekri kòman yo te idantifye non moun ki mouri yo soumèt la ak lekòl la oswa ak kominote kote lekòl la ye a; (c) pwosè-vèbal reyinyon PA oswa PTA a kote yo te diskite pwopozisyon pou bay non oswa chanje non an; (d) si non yo pwopoze a se pou tout lekòl la, yon kopi sètifye pwosè-vèbal konsèy edikasyon kominotè Community Education Council ki gen vòt ki di si yo oswa non pou sipòte non yo pwopoze pou lekòl yo ki nan jiridiksyon distri kominote a.



2. **Bay non pou onore donatè:** (a) pwochè-vèbal reyinyon PA oswa PTA a kote yo te diskite pou bay non oswa pou chanje non an.

**Se ki soumèt li :**

\_\_\_\_\_

Siyati Direktè lekòl la

\_\_\_\_\_

Dat

\_\_\_\_\_

Siyati Sipèentandan an

\_\_\_\_\_

Dat